



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLASYON K AP MENNEN NAN NASYON AN POU PWOTEJE DWA AVÒTMAN AK DWA REPRODIKSYON POU TOUT MOUN

Pake sis pwojè lwa konplè pwoteje alafwa pasyan ak founisè yo an atandan desizyon final pa Tribinal Siprèm lan sou Dobbs v. Jackson

S.9039A/A.10094A etabli yon koz aksyon pou entèferans ilegal ak dwa pwoteje

S.9077A/A.10372A gen rapò ak pwoteksyon legal pou founisè sèvis avòtman yo

S.9079B/A.9687B entèdi akizasyon pou move konduit kont pratikan swen sante yo pou bay sèvis sante repwodiktif bay pasyan ki abite nan Eta kote sèvis sa yo legal

S.9080B/A.9718B entèdi konpayi asirans yo kont move pratik medikal yo nan pran mezi defavorab kont yon founisè swen sante repwodiktif ki bay swen legal

S.9384A/A.9818A gen ladann founisè avòtman ak pasyan ki nan Pwogram Konfidansyalite Adrès la

S.470/A.5499 otorize yon etid pou egzamine bezwen sante ak resous ki pa satisfè ak enpak Sant Gwosès Sèvis Limite yo

Gouvènè Kathy Hochul siyen jodi a yon pake lejislatif kap mennen nan nasyon an pou pwoteje dwa pasyan yo imedyatman epi ekipe founisè swen sante repwodiktif yo an atandan yon desizyon final Tribinal Siprèm lan sou aksè ak avòtman. Lejislasyon an pran mezi espesifik pou abòde yon varyete enkyetid legal ki deklannche pa avi divilge Kou Siprèm lan Dobbs v. Jackson, ki ta ka ranvèse desizyon enpòtan Roe v. Wade la lavèy 50èm anivèsè li a. Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa yo nan istorik Great Hall of Cooper Union, pandan li te antoure ak Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Carl Heastie, patnè kle nan lejislati eta a, ansanm ak founisè ak defansè avòtman ak swen sante repwodiktif.

"Dwa repwodiktif se dwa imen, epi jodi a nou ap siyen yon lwa enpòtan pou pwoteje yo davantaj ak tout moun ki vle jwenn aksè ak yo nan Eta New York. Fanm Nouyòk yo pap janm sibi gwosès gouvènman an enpoze yo. Se pa isit la. Se pa kounye a. Jamè",
Gouvènè Hochul te deklare. "Jodi a, n ap pran mezi pou pwoteje founisè sèvis nou yo

kont aksyon reprezay eta anti-avòtman yo epi asire ke New York ap toujou yon pò ki an sekirite pou moun k ap chèche swen sante repwodiktif yo. New York te toujou yon limyè espwa pou moun ki anvi vin lib yo. Epi mwen vle mond lan tande — byen fò ak klè — sa pa pral chanje."

"New York refize chita bwa kwaze epi pèmèt Tribinal Siprèm lan ranvèse ane pwogrè yo nan retire dwa yon fanm pou fè chwa sou pwòp kò li", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Nou pral ofri yon refij san danje pou fanm yo nan New York ak pake lejislasyon sa a k ap mennen nan nasyon ki siyen an lwa jodi a ki pwoteje dwa yon pasyan epi ki ekipe founisè swen sante repwodiktif yo. New York p ap janm sispann goumen pou asire ke fanm k ap chèche sèvis avòtman ki an sekirite epi ki aksesib pou yo resevwa yo."

Lidè majorite a Andrea Stewart Cousins, te delare, "Avi divilge Kou Siprèm lan pou ranvèse Roe v. Wade te voye ond chokan nan tout nasyon an. Lè w retire dwa pou yo pran swen avòtman ki an sekirite ak legal li pral koze prejdis pou sante fanm yo ak relege fanm yo nan ran sitwayèn dezyèm klas ki pa gen dwa otonomi kòporèl. Depi li te genyen Majorite Sena a an 2019, Majorite Demokratik la ap travay aktivman pou pwoteje dwa repwodiktif Nouyòkè yo, epi n ap trase chemen an yon lòt fwa ankò pou garanti dwa repwodiktif ak pwoteje fanm New York yo kont politik danjere yo aplike atravè peyi a. Mèsi a Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie, ak tout manm mwen yo nan Konferans Demokratik la paske yo asire dwa nou yo rete an sekirite."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Desizyon swen sante repwodiktif yo ta dwe pran ant yon pasyan ak doktè pa yo. Pwojè lwa ke yo siyen an lwa jodi a pral asire ke pwofesyonèl medikal yo ki bay pratik enpòtan sa yo epi k ap sove lavi moun pou yo pwoteje yo kont reprezay pa eta ki mete restriksyon sou dwa sa yo. Mèsi a Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins ak kòlèg Majorite Asanble mwen yo paske nou travay ansanm pou reyalize sa. Nou pral kontinye goumen pou pwoteje otonomi kòporèl fanm yo, dwa yo pou yo pran pwòp desizyon swen sante pa yo, ak doktè yo ak enfimyè yo ak tout moun k ap asire ke fanm yo gen aksè ak swen sante repwodiktif."

Lejislasyon S.9039A/A.10094A etabli yon koz aksyon pou entèferans ilegal ak dwa pwoteje. Sa pal pèmèt moun pou pote yon reklamasyon kont yon moun ki te pote lajistis plent kont yo oswa ki te pote akizasyon kont yo pou fasilite, ede, oswa jwenn sèvis sante repwodiktif oswa swen andokrinyen dapre Lwa Eta New York.

Lejislasyon S.9077A/A.10372A vize bay kèk pwoteksyon legal pou founisè sèvis avòtman, moun ki ede yon lòt moun jwenn yon avòtman, oswa moun ki jere yon avòtman pou pwòp tèt li. Pwojè lwa sa a bay pwoteksyon sa yo lè li kreye yon sitiyasyon eksepsyon legal pou ekstradisyon ofans ki gen rapò ak avòtman, sa k ap entèdi tribinal yo kolabore ak ka sivil ak kriminel ki andeyò eta yo ki soti nan avòtman ki te fèt legalman nan fwontyè yo, epi bay pwoteksyon jidisyè nan entèdi fòs lòd yo kolabore ak investigasyon eta anti-avòtman yo konsènan avòtman ki te fèt legalman.

Lejislasyon S.9079B/A.9687B entèdi akizasyon pwofesyonèl pou move konduit kont pwofesyonèl swen sante yo sou baz ke pratikan swen sante sa yo, aji nan kad pratik yo, egzèsè, rekòmande oswa bay sèvis swen sante repwodiktif pou yon pasyan ki abite nan yon eta kote sèvis sa yo legal.

Lejislasyon S.9080B/A.9718B entèdi konpayi asirans yo kont move pratik medikal nan pran nenpòt mezi prejidi kont yon avòtman oswa kont founisè swen sante repwodiktif ki fè yon avòtman oswa ki bay swen sante repwodiktif ki legal nan eta New York pou yon moun ki soti nan yon lòt eta.

Lejislasyon S.9384A/A.9818A pèmèt founisè sèvis swen sante repwodiktif, anplwaye, volontè, pasyan, oswa manm fanmi imedya founisè sèvis swen sante pou repwodiktif enskri nan pwogram konfidansyalite adrès Eta a pou pwoteje tèt yo kont menas yo.

Lejislasyon S.470/A.5499 mande komisyonè Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la pou l fè yon etid epi pibliye yon rapò ki egzamine bezwen sante ak resous ki pa satisfè ke moun ki ansent yo ap fè fas nan New York ak enpak sant gwosès sèvis limite yo. Sa asire Nouyòkè yo gen aksè ak enfòmasyon ak resous ki nesèsè pou yo gen gwosès an sante ak rezilta pozitif.

Senatè Eta Alessandra Biaggi te deklare, "Jodi a, New York a yon etap pi pre po li vin tounen yon vrè eta sanktyè pou moun k ap chèche swen sante kèlkeswa sikonstans yo. Pandan ke lòt eta yo ap chèche kriminalize avòtman ak swen ki afime sèks, New York kontinye reyafime angajman li pou jistis repwodiksyon ak sèvi kòm yon modèl pou rès nasyon nou an. Lwa FIRE HATE (FIRE HATE Act) la pral pwoteje moun ki vin nan New York pou resevwa yon avòtman oswa swen ki afime sèks—ki asire ke tout moun, kèlkeswa istorisite yo, toujou gen dwa pou jwenn swen. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Manm Asanble Burdick, ak kòlèg Lejislatif mwen yo paske yo priyorize lejislasyon enpòtan sa a epi asire ke New York rete yon kote ki an sekirite pou swen repwodiktif."

Senatè Eta a, Cordell Cleare, te deklare, "Kòm Prezidan Komite Pwoblèm Fanm yo nan Sena a—Mwen vrèman fyè dèske jodi a, Eta nou an pran yon kantite etap pro-aktif pou asire nou pwoteje dwa imen fondamantal an matyè sante, sekirite ak chwa ki anrapò ak repwodiksyon epi swen sante. Mezi kolektif sa yo, ki gen ladan Lwa sou Konfidansyalite Adrès (Address Confidentiality Bill) mwen an (S.9384-A) pral travay ansanm pou asire ke New York se yon refij ki an sekirite pou ekite, jistis ak dwa ak rezilta egal pou tout moun."

Senatè Eta Michelle Hinchey, te deklare, "Avèk Tribinal Siprèm lan pare pou ranvèsè Roe ak aksyon rapid eta yo atravè peyi nou an pou kriminalize swen sante repwodiktif, nou ap goumen pou asire ke kèlkeswa sa k ap pase nan nivo federal, New York se yon kote ki an sekirite pou tout moun k ap bay ak chèche yon avòtman isit la. Mwen fyè pou m patwone yon pwojè lwa kòm yon pati nan pake lejislasyon enpòtan sa a ki pwoteje doktè yo kont mezi reprezay si yo fè yon avòtman pou yon pasyan kote eta domisilye li

te fè swen sante enpòtan sa a ilegal. Mwen pral toujou goumen pou pwoteje ak elaji aksè ak swen sante repwodiktif, epi mwen fyè pou m kanpe ak kòlèg mwen yo ak Gouvènè Hochul jodi a pou m afime ke chak moun ki bezwen yon avòtman ka jwenn youn san danje isit la nan New York."

Senatè Eta Brad Hoylman, te deklare, "Jodi a, New York ap trase chemen pou nasyon an nan pwoteje otonomi kòporèl la. Dwa repwodiktif yo anba atak nan tout peyi a, men pwojè lwa Gouvènè Hochul ap siyen jodi a asire Nouyòkè yo pral gen dwa pou fè pi bon chwa pou yo ak fanmi yo epi eta nou an pral tounen yon refij ki an sekirite pou fanm atravè peyi a pou egzèsè dwa sa a. Mwen fyè pwojè lwa Sant Gwosès Sèvis Limite (Limited Services Pregnancy Center) mwen an ak Manm Asanble Glick, S.470, yo deja adopte li kòm yon pati nan pake sa a. Pwojè lwa a mande Komisè Sante a pou etidye ak fè rapò sou etablisman ki pa gen lisans, souvan twonpè ki ofri sèvis ki gen rapò ak gwosès men ki pa bay oswa refere anvès swen sante repwodiktif konplè. Sant sa yo souvan plis enterese nan fè presyon pou pwòp ajanda pa yo pase fè sa ki pi bon pou sante pasyan yo, epi yo gaspiye tan presye pou moun ansent ki kapab konsidere avòtman. Pwojè lwa sa a pral ede idantifye bezwen sante ak resous ki pa satisfè moun ki ansent yo nan New York ap fè fas epi enpak sant sa yo sou kapasite pa yo pou yo jwenn enfòmasyon sou swen sante egzat, ki pa fòse yo ak aksè alè ak sèvis yo."

Senatè Eta a, Anna Kaplan, te deklare, "Ak sò Roe ki pandye nan balans lan, eta wouj (repibliken) yo atravè tout peyi a ap bave nan opòtinite pou mete restriksyon sou aksè fanm yo ak swen sante repwodiktif, ak anpil ladan yo ki deklare lagè ak doktè ki bay sèvis sante repwodiktif yo. Isit la nan New York, n ap defann dwa fanm yo pou yo jwenn aksè ak swen sante repwodiktif, epi n ap defann dwa doktè yo pou yo bay sèvis fanm yo konte sou yo - kèlkeswa sa k ap pase nan Tribinal Siprèm lan. Pwojè lwa mwen an pral pwoteje doktè yo kont atak frivòl pa lwa san wont anti-chwa nan eta wouj yo, epi li pral asire ke fanm ki sibi restriksyon drakonyèn sou kò yo ka jwenn yon refij nan New York epi jwenn aksè ak sèvis sante isit la san yo pa mete an danje pwofesyonèl medikal k ap trete yo. Mwen fyè dèske m patwone lejislasyon sa a ansanm ak patnè m nan Manm Asanble Linda Rosenthal, e mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Kathy Hochul nan asire dwa repwodiksyon nan New York yo pwoteje kèlkeswa jan sa ye."

Senatè Eta Liz Krueger te deklare, "Chak jou nou pwoche pi pre yon Tribinal Siprèm ekstrèm radikal ki bay opinyon final yo ki ranvèsè 50 ane pwoteksyon pou dwa avòtman. Kounye a li pi enpòtan pase anvan pou nou itilize tout opsyon ki disponib pou kontrekare atak sa a sou dwa Ameriken yo pou yo pran desizyon ki pi pèsònèl sou pwòp kò yo epi pou yo jwenn aksè ak sèvis swen sante repwodiktif ki nesèsè yo. New York dwe asire aksè avòtman ni pou Nouyòkè yo ni pou refijye ki soti nan lòt eta yo kote yo refize dwa debaz yo, epi nou dwe ofri tout pwoteksyon nou kapab pou founisè swen sante New York yo kont lwa degoutan ak regressif nan lòt eta k ap chèche pini yo paske yo bay sèvis avòtman legal nan New York. Pwojè lwa ke Gouvènè Hochul ap siyen jodi a se yon premye etap enpòtan pou fè New York tounen yon refij ki an sekirite pou moun ki bezwen swen pou avòtman, pou moun ki ede yo, ak pou moun ki bay swen ki nesèsè yo."

Manm Asanble Chris Burdick, te deklare, "New York dwe kanpe ansanm ak moun ki vin isit la ki soti nan eta ki ostil fas ak dwa swen sante debaz yo. Lwa FIRE HATE la pral pwoteje yo kont moun k ap eseye entimide yo ak asele yo ak litij nan eta domisilye yo. Senp e klè, se yon vyolasyon dwa ki tabli nan lwa New York pou entèfere ak nenpòt moun ki eseye vin isit la pou swen sante repwodiktif oswa ki afime sèks. Lwa FIRE HATE la, ki etabli yon kòz aksyon pou entèfere ak dwa pwoteje sa yo, enpòtan anpil pou moun ki jis vle kontwole pwòp kò yo."

Manm Asanble Deborah Glick te deklare, "Mwen kontan wè Gouvènè Hochul siyen lwa mwen an ak Senatè Hoylman, A.5499/S.470, ki mande Depatman Sante Eta New York pou fè yon etid sou dominans sant gwosès sèvis limite yo, pafwa ke yo rele 'fo klinik' yo. Desizyon pou kenbe oswa mete fen nan yon gwosès ka yon desizyon ki pi difisil yon moun ka pran nan lavi li. Nouyòkè ansent yo dwe kapab pran desizyon konplèks epi ki pwofondman pèsonel sa a avèk èd yon pwofesyonèl medikal ki gen lisans, epi yo dwe san pè, san entimidasyon, ak move enfòmasyon. Enfòmasyon yo kolekte nan kad lejislasyon sa a pral ede nou asire Nouyòkè ansent yo gen aksè ak bon jan kalite swen sante. Mwen trè rekonesan pou m kanpe ak kòlèg mwen yo nan gouvènman Eta New York la ki pran angajman pou pwoteje dwa imen debaz yo."

Manm Asanble Charles Lavine te deklare, "Lwa anti-avòtman yo vize founisè sèvis avòtman yo nan tout peyi a yon fason ki pa jis, men nan New York n ap travay pou pwoteje yo. Lè nou bay founisè yo pwoteksyon legal yo, nou ka gen asirans ke avòtman ki an sekirite ak reglemante yo aksesib pou moun ki bezwen yo. Mèsi a patnè mwen yo nan Sena a ak Asanble a paske yo te fè lwa sa a, ak Gouvènè Hochul paske li te travay san pran souf pou solidifye dwa Nouyòkè yo."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Travayè swen sante yo, ki gen ladan moun ki bay swen pou avòtman pa ta dwe sibi arasman, entimidasyon, pèsèkasyon oswa vyolans, ki ap rive ak ogmantasyon frekans nan tout peyi a. Nou bezwen pwoteje ak ekipe travayè sante repwodiktif nou yo k ap travay di pou bay fanm yo swen sante yo bezwen. Pèmèt yo gen abilite pou pwoteje idantite yo devan kanpay anti-avòtman lokal ak nasyonal jodi a bay travayè sa yo yon zouti enpòtan pou pwoteksyon ak sekirite pa yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a an yon lwa, ki bay pwoteksyon pou travayè swen sante repwodiktif nou yo pou yo ka kontinye bay meye swen posib pou fanm Eta New York yo."

Manm Asanble Linda Rosenthal te deklare, "Atravè peyi a, dwa yon fanm pou avòtman san danje epi legal anba atak. Pandan kèk eta ap travay pou bloke aksè ak avòtman san danje epi anpeche fanm yo gen dwa pou yo pran pwòp desizyon sou swen sante pa yo, epi ann atandan desizyon Tribinal Siprèm Ameriken an pran pou anile Roe, Eta New York ap fè presyon epi fè tout sa nou kapab pou pwoteje aksè ak avòtman. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pake dwa repwodiktif sa a an lwa, ki gen ladan de pwojè lwa mwen yo pou pwoteje founisè swen sante yo kont mezi disiplin pwofesyonèl yo ak mezi prejdis ki afekte asirans pou move pratik medikal. Avèk lwa sa yo, pwofesyonèl swen sante New York yo ka kontinye bay avòtman ak sèvis swen sante repwodiktif pou tout fanm, ki gen ladan anpil moun ki pral vwayaje isit la ki

soti andeyò eta, san yo pa pè konsekans, kèlkeswa desizyon ke Tribinal Siprèm lan finalman pran."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)